

Sa so telle xamne ame nga doomu jangooro bi di VIH, di ñaan la mën na top, fàcc la ci mu gëna baxe.



Xamne ame ngo doomu jangooro bi di VIH, mën ne lu tiis lol ci yaw.


Mën na sopi sa dund ba faw.
Wante nak, ngir sam sa weerguyaram, xam ko mo gën.

Bo xame ne ame nga doomu jangooro bi di VIH, mëness nga am ay pexe yuy neewal doolem.

Fàccu dina la dimbali nga dund bu and ak dal ci lu yagg.



Di xam kañ ngay tambali di jël garab yiy fàcc doomu jangooro bi.




Pàcc gi day tax ba sa karaange yaram du amul tolof tolof, te sa weerguyaram di wañniko.



Doktoor bi mën di sam sa weerguyaram jaare ko ci set gi muy def ci sa yaram.



Mën nga fagaaru ngir baña wall sa andando ci sëy.



Bu ame doomu jangooro bi di VIH, waye xamooko, jangooro ji mën na loore ci diir bu yagg.


Ame doomu jangooro ji te baññ fàccu mën na gàttal say fan.



Ame jangooro ji te baññ fàccu mën yax sa karaange yaram te indil la xiboon.



Mën nga walle doomu jangooro say andando ci walu sëy te do ka tey.



Rañeer

- Ci lu mu gëna teele nga xamne ame nga doomu jangooro bi di VIH, jafe jafe werguyaram yi dina neew.
- Fàcc gi ak caam ji gi doktoor bi defal fi ci Españ, tax na ba ni ëpp ci ni amee VIH Mën ñaan guddu fan bu and ak werguyaram.



Jumtukay bi nuy siiwal mu ngi sukkandiko ci bi mouy dippi te mbotaay NAM di gën, muddi mbotaay bu wuttul alaali ci VIH, te ubbi mankanam ca Reewmum Angalterr. Ndeeyi siiwal bac i Xéttum web www.aidsmap.com. Tekki nungi ko def ci indigëlu NAM.